Recueilli par : Papa Assane DIEYE
Dit par : Ousmane CISS, 30 ans,
demeurant à Yène Nditah, Rufisque

- Léebòon !

- Lippòon !

- Amoon na fi !

- Daana am !

- Ba mu amee yaa fekke ?

- Yaa wax ma dégg !

Dafa amoon benn jamono àll bi dara amu ci; Yàlla ji tawul, àll bi wow. Garab yi wow. Nit ñi xiif, mala yi xiif, golo yi xiif. Mu metti lool. Muy at moo xam ni at mu metti la. Leegi nag goloy àll bi dajaloo. Ñu ni leegi dañuy jòg jéem wuti lu ñu lekk ak seen njamboot. Ba ñu ko defee golo gu mag gi di dangin gi woo golo yépp ni leen danu jòg dem àllu Ñaay tiir ndax ñu am fa lu ñu lekk. Ñépp ànd ci wax ji.

Ba ñu àndee noonu nag mu ni leen :

- Àjjuma jiiy ñòw nun ñépp nanu daje fii ci suba si dem wuti lu nu lekk àllub Ñaay tiir.

Ba Ajjuma ja egsee ñoom ñépp ñu daje. Ñu ngay dem ci suba si teel. Jaboot yaa nga boot ànd ak xale ya di wëyan wëyani. Ñuy dow, di dow, di dow, di dow, di dow ba njolloor. Ñuy dow, di dow, di dow ba jant bi tollu ci digg bopp, ñuy sog di toog.

Golo gu mag ni leen :

- Leegi sonn nañu, nañu noppalu fii ba tàkkusaan. Bu tàkkusaanee ñu daldi demaat.

Ñu toog fa di noppalu, di noppalu, di noppalu ba tàkkusaan. Ba tàkkusaan weesoo tuuti ñu daldi jògaat. Ñu ngay dem ; ñuy dow, di dow, di dow, di dow ba yàgg golo gu ndaw gi ni :

- Yaay !
Mu ni ko :

- Naam !

Mu ni ke :

- Waaw Yaay yégg nañu am yegguñu ?

Mu ni ke :

- Leegi nu yegg !

Ñuy dew, di dew, di dew, di dew, ba yàgg gele gu ndaw gi ni :

- Yaay !

Mu ni ke :

- Naam !

Mu ni ke :

- Waaw yegg nañu wàlla yegguñu ?

Mu ni ke :

- Leegi nu yegg !

Ñuy dew, di dew, di dew, di dew, ba yàgg, gele gu ndow gi ni :

- Yaay !

Mu ni ke :

- Naam !

Mu ni ke :

- Yegg nañu wàlla yeggunu ?

Mu ni ke :

- Leegi nu yegg.

Mu ni patt. Ñu demaat di dew, di dew, di dew, di dow, guddi gi xaaj. Gele gu mag ni leen :

- Leegi nañu neppalu ndax xale yi senn nañu te nun ñii sax nu ngi bëgg senn. Nanu tëdd fii ba fajar. Bu fajaree nag nu jógati dem.

Ñu tëdd feefa ba fajar xar. Ba fajar ji xaree ñiy boot beet, waxambaane yi yógati ñu daldi demaat. Ñuy dew, di dew, di dow, di dew ba jant fenk. Ñuy dew, di dew, di dew, di dew, ba jant bi tolluwaat ci digg bopp. Leegi gele gu mag ni leen :

- Nañu neppalu fii ba tisbaar weesu.

Ñu teeg di neppalu, di neppalu, di neppalu ba tàkkusaan ji wàcc. Ba tàkkusaan wàcce nag ñu daldi beet, ñepp jóg. Ñu ngi sonn deysaan ; ñu ngay demaat ; ñuy dew, di dew, di dew, di dow ba jant leng. Jant baa ngay se, tuuti rekk ñu daldi séen genn garab. Garab gi nag ñu daldi key xeel, naan garabu nangam la ... garabu nangam la...

Dangin gu mag gi nag daldi dowa dowa dowa dowa dow ba yegg. Ba mu yeggee nag, mu fekk mu di bot. Bot ngaa ngi meññ meññ ba sëgg. Leegi nag mu daldi woo ñépp ñu ñów, ñu neppalu tuuti.

Mu ni leen :

- Nun ñépp nañu yéeg lekk.

Ñépp yéeg. Ba mu yéegée ñu ne fa di lekk, di lekk, di lekk, ba seen biir fees, ba ñépp ñépp regg. Ñu wàcc. Ba ñu wàccee, ñu daldi ñów ci dex gi naan, sangu, neppaluwaat, daldi yéegaat di lekk, di lekk, di lekk ba mu des benn doom, doom bu ñerul.

Leegi nag ñu wàcce ci suuf.

Ñu ni :

- Doom bi des dañu koy waate. Kenn du fi ñów te ñépp teewuñu.

Ñépp ni :

- Waaw !

Ñoom ñépp du mankoo ci benn wax bi.

Ñu ni :

- Leegi dañuy toog ba àjjuma tey jii bu dellusée ñu dellusi fi, fekk doom bi ñor. Bu ñu ñówée nag ñu lekk ko.

Ñu ni :

- Waaw.

Golo gi ci gën mag moom dafa di pexeem di ñu xaar ba fukki fan ak juróom maanaam àjjuma jiy ñów bu dellusée, ñoom ñépp ñu yemb fi, lekk doom bi, daldi delluwaat seeni kër. Ba mu leen ko waxee ñoom ñépp ñu ànd ci. ndax moey mag. Ñu daldi dem ñibbi. Ba ñu demee seeni kër ñu toog.

Ba àjjuma ja dellusée rekk, golo gu mag gi daldi dellu dem lekk doom ba, dellusi nag ñów toog. Ba ñu teege ba àjjuma ja dellusiwaat ñu wootewaat. Ba ñépp yembee ñu dellu ; ñangay dem àllu Ñaay tiir. Ñuy dow, di dow, di dow, di dow, ba def lañu defeen. Ba ñu yeggee nag, ñu yeeg. Ba ñu yeegee nag ba ci kow garab gi, ñu raas, raas, raas gisuñu dara. xeol, xool, xool gisuñu dara, banqaasee banqaas ñu xool ko gisuñu dara. Leegi nag ñu wàcc ci suuf, ñoom ñépp ni :

- Lenn daal xam nañu ko, li am tey moo di doom bi kenn lekku ko, doom bi naawul; doom bi rotul, te doom bi fii la nekkoon. Ki ko lekk nag mu ngi fii ci sunu biir. Leegi daal dañu koy waat !

Ñu ni :

- Déet. Leegi nañu laaj ku ci ne ndax moo ko lekk walla deet !

Ñu ni :

- Diwu ! yaa ko lekk ?

Mu ni :

- Déedéet !

Ñu ni :

- Diwu ! yaa ko lekk ?

Mu ni :

- Déédéet !

Ñu ni :

- Kon leegi nanu ko waat.

Ñu ni :

- Waaw nan lañu koy waate ?

Ñu ni :

- Leegi dañuy taxani, bu ñu taxanee bés ba bés bi dellusi, bu nu ñówée taal taal bi, waat ko. Bu ñu ko waatee, ki ko lekk dinanu xam mooy kan.

Leegi nag ñuy taxan di taxan bés ba bés ba dellusi. Ñu jal matt mi daldi taal taal bi mu yànj. Ñoom ñépp ñu dellusi daldi daje, yéeg ci kow garab gi. Léegi nag dàngin gu mag gi xam ni mooy seen njiit daldi ni :

- Man maay jëkk tëb ndax xam naa ni lekku ma ko.

Mu daldi jaayu, daldi ngembu, ngembuwaat ba mu dëgër, daldi jaayu ci bii boord, jaayu ci bale boor ni :

- Ndegam maa ko lekkaa lekkaa yaay !

Ñu ni :

- Aan !

Mu ni :

- Ndegam maa ko lekkaa lekkaa yaay !

Ñu ni :

- Aan !

Mu ni :

- Ndegam maa ko lekkaa lekkaa yaay !

N̂u ni :

- Aan!

Mu ni :

- Yàlla naa dem ni mbërëm qëb ci biir taal bi !

Mu daldi ni layy ! daldi ni cëpp ! daldi dal fëlé,taal bi lakku ko.

Ki ci topp daldi ñów ni :

- Kii ngéen xam ni ñoo bokk nangam ak nangam, bokk ndey ak baay, bokk sunu nangam du mën tëb mukk te tëbu ma te xam naa ni lekku ma ko, du ma gën gore, te leer na ma ni lekku ma ko. Man mosu maa def lu ñaaw ! Te kenn mosu ma koo dégal.

Mu daldi ñów taxaw, gembu ba dëgar, daldi jaayu ci biir boor, jaayu ci bale boor ni :

- Ndegam maa ko lekkaa lekkaa yaay !

Gaa ñi ni :

- Aan !

Mu ni :

- Ndegam maa ko lekkaa lekkaa lekkaa yaay !

Gaa ñi ni :

- Aan !

Mu ni :

- Yàl naa dem ni mbërum qëb ci biir taal bi !

Mu daldi ni layy ni cëpp fale. Kooku taal bi lakku ko. N̂u di ko def, di ko def, di ko def, di ko def, di def noonu; ki ci topp defaat, ki ci topp defaat; ki ci topp bu ñówée daldi ngembu, ngembuwaat ni :

- Ndegam maa ko lekkaa lekkaa lekkaa yaay !

Gaa ñi ni :

- Aan !

Mu ni :

Yàl naa dem ni mbërum qëb ci biir taal bi !

Mu daldi ni layy ni cëpp. Keeku taal bi lakku ke. Ñu di ke teppante, di ke teppante, di ke teppante ba ñeem ñépp jeex, kenn desul, ludul gele gu màggat gi ; mu ngi nekk ci kew nag di ngembu, di ngembu di ngembuwaat, di ngembu di ngembuwaat ; di waaj di waajaat ba taal bay giim. Leegi ñu ni ke :

- Xam nañu ni yew daal dee tëb tey. Leegi taal bi giim na, dañuy taxaniwaat.

Mu ni :

- Waaw batey nanu taxaniwaat, bu ke defee ba bés bi dellusee ba ñu dellusi fi, dinañu xam ni yeen ñii ngeen xam ni maa leen njambeete maa leen mag, warumaa mën def lu ñaaw ci seen kanam, di taxaw fii te duma ke mën wax, mbaa duma ke é...é...é... mbaa ma def lee xam ni lu nit di nettali ëllëg la !

Ñépp ni ke :

- Waaw !

Ba mu ke defee nag, ñu delluwaat ci àll ba. Ñu ngay taxan, di taxan, di taxab, di taxan ba bés bi dellusi ; ñuy taxan di jòor, di taxan di jòor, di taxan di jòor, di taxan di jòor ba mu tollu ni àngaar. Ajjuma ja dellusi, ñu ñów nag ni ke yéegal. Mu daldi yéeg. Ba mu yéegée, mu nekk fa ci kew di waajaat ak a waajaat, di ngembu ak a ngembuwaat.

Ñu ni ke :

- Waaw, tëbal beek !

Mu daldi jaayu fii, jaayu fale, ni :

- Ndegam maa ke lekkaa lekkaa yaay !

Ñu ni :

- Aan !

Mu daldi dindiwaat ngemba li; mu ngay ngembuwaat, di wokkatu ak di wokkatuwaat ni xaarleen ma defar fii. Mu daldi defaruwaat, defaruwaat, defaruwaat ba mu yàgg mu daldi ngembuwaat ba mu dëgar këcc. Ñu ni mu ngay tëb ! mu gay tëb !

Bu ñòwée ba ni :

- Ndegam maa ko lekkaa lekkaa yaay !

Gaa ñi ni :

- Aan !

Mu daldi ni :

- Déedéet, foofu baaxul !

Mu daldi tàmbaliwaat di wokkatu, defaru, defaruwaat, di defaru ak di defaruwaat ba mu yàgg. Ba nga xamee ni bu ñu moytuwul taal bi dina fey, dangin gu mag gi daldi mer ni :

- Leegi kii daal fokk mu tëb. Su tëbul tey dèotul tëbaat. Nañu fexe leo xam ni dina mën tëb tey,tey,tey !

Mu daldi yéeg fekk ko ci kow muy ngembu di ngembuwaat, di ngembu di ngembuwaat, takku ba dëgër.

Mu ni ko :

- Léegi dangay tëb. Boo tëbul nag dinaa la bëmëx ci biir taal bi.

Mu ni ko :

- leegi !;waante dangeen di xaar ma ngembu ba dëgër.

Mu daldi ngembu ba dëgër; waa ji takkal ko mu dëgër ni ko :

- Boo tëbul nag dinaa la sànni ci biir taal bi, leegi nag tëbal !

Mu ni :

- Ndegam maa ko lekkaa lekkaa yaay !

Gaa ñi ni :

- Aan !

Mu ni :

Ndegam maa ko lekkaa lekkaa yaay !

Gaa ñi ni :

- Aan !

Mu ni :

Yàl na ma def mbe...

Mu daldi dellu ginnaaw, tekkiwaat ngemb li. Dangin gu mag gi ni ko :

- Tëbal !

Mu ni ko

- Du dañuy waat ? Bàyyi ma ma waat !

Mu ni :

- Ndegam maa ke lekkaa lekkaa yaay !

Gaa ñi ni :

- Aan !

Mu ni :

- Ndegam maa ke lekkaa lekkaa yaay !

Gaa ñi ni :

- Aan !

Mu tëb daldi jafandu ci benn banqaas.

Waa ji ni ko :

- Dee tëb ?

Mu ni ko :

- Taxawal leegi ma tëb.

Ba mu ke defee nag gelo yépp ni ko :

- Ee ! xanaa yaa ko lekk ?

Mu ni :

- Man ? Man ? Man mii ? Man mii ngéen xam ? Man mii jur diwu ak diwu ak diwu ? Nàmp ci diwu ak diwu ak diwu ! Man mii dinaa ko lekk fii yéen ngéen di ko fekke !

Ñu ni ko :

- Ee ! Waxuñu loolu ! Tëb lanu wax ! Waatal ! Waatal ! Waatal !

Leegi nag mu ngi mer, daldi defaruwaat, defaruwaat ba jekk, ngembuwaat ba dëgër. Dangin gu mag gi taxawaat di ko xaar rekk, daldi ni :

- Ayca ! Dolliléen matt !

Ñu dolli mat, dolli mat, dolli mat, dolli mat, daldi xamb taal bi, xamb, xamb, xamb, xamb, xamb taal bi ba mu yànj, ba def benn jénéer; foo séen ci àll bi mu ngi leer ndax taal bu yànj.

Mu daldi ngembuwaat ba dëgar rekk daldi ni :

- Ndegam maa ke lekkaa lekkaa yaay !

Gaa ñi ni :

- Aan !

Mu ni :

- Ndegam maa ke lekkaa lekkaa yaay !

Gaa ñi ni :

- Aan !

Mu ni :

- Yàl naa dem ni mbërëm qëb ci biir taal bi !

Mu daldi ni layy ! ni sirib  ci biir taal bi.

N̂épp tàccu, ñépp tàccu ni :

- Dee na ! dee na ! dee na ! dee na !

N̂u ngay ñibbi nag; ñee ngi boot seen doom, dangin gu mag gi wàcc nag, ñu ngay jëg àllub Ñaay tiir di ñibbi. N̂u ngi woy nag di dellu seeni kër :

Xambleen
Gindileen
Gole gaa ko lekkoon dee na !

Xambleen
Gindileen
Gole gaa ko lekkoon dee na !

Xambleen
Gindileen
Gole gaa ko lekkoon dee na !

Xambleen
Gindileen
Gole gaa ko lekkoon dee na !

Foofu la léeb doxe tàbbi géej, bàkken bu ko jëkk fòon sa néegub yaay ni muut ak xaalis.